

KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

INOVASYON, RIJIDITE, AKSÈ, EFIKASITE SE BAZ NOUVO PWOGRAM, INISYATIV EDIKASYON ORIJINAL 2016-2017 M-DCPS YO

2016 MAPS | MILLENNIAL ACCESS PLATFORMS



61 Additional Choice/Magnet Programs



MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS

Elèv ak pwofesè Lekòl Leta Miami-Dade County pral kòmanse ane lekòl 2016-2017 la avèk yon kantite nouvo pwogram orijinal nou devlope selon objektif Distri a pou ofri inovasyon nan salklas yo, rigidite akademik, ak ogmantasyon aksè pou elèv, efikasite nan fonksyonman nou.

Nou kreye swasanteyen nouvo pwogram chwa/magnet pou ane lekòl 2016-2017 la, plis pwogram nou janm kreye nan yon ane. Nouvo òf sa yo mete total pwogram chwa yo a 600, ki gen ladan STEM (wobotik, kodaj, biyomedikal mizik, teknoloji amizman, etid biznis, teyat e ar vizyèl, Plasman Avanse, etid legal, ak medsin e jesyon espòtif.

Nouvo inisyativ yo gen ladan:

Konvèjans Dijital - Distri a ap ajoute 35,000 aparèy mobil an plis, ki mete kantite total la a preske 140,000.

Sitwayènte Dijital- Nou pral ofri elèv estrateji ak resous ki pral pèmèt yo itilize teknoloji pou yo metrize kontni akademik e fè yo vin pran konsyans de anprent dijital yo e vin responsab pou yo.

Kenbe Paran Enfòm e Konekte

Valè Enpòtan nan Miami- Ekstansyon kanpay sa a pandan tout ane a atravè Distri a pwomouvwa yon kilti lekòl pozitif nan adrese bezwen sosyal/emosyonèl tout elèv ki abouti a ogmantasyon nan sekirite lekòl ak akonplisman elèv.

Chemen pou Aprann Li e Ekri nan De (2) Lang - Inisyativ sa a ofri senk chemen diferan pou satisfè divès bezwen lengwistik elèv M-DCPS yo.

Paran Ede Paran - Ogmante bonjan patisipasyon paran nan amelyore konpreyansyon yo sou règ federal, eta, ak Distri ki afekte pitit yo; pèfeksyon ladrès defans pitit yo; e aprann yo pataje enfòmasyon e sipò avèk lòt paran nan lekòl la ak efikasite.

'iTransition' - Ofri elèv 6yèm ak 9yèm ane eskolè yon sistèm sipò ki gen plizyè etap pandan yo ap fè tranzisyon ant lekòl elemantè e lekòl mwayen, ak lekòl mwayen e lekòl segondè.

Kiltive Responsabilite Sivik- Elèv pral ka entèraji avèk manm delegasyon Miami-Dade yo e diskite kesyon aktyèl nan edikasyon atravè sesyon sou Entènèt ki ap fèt andirèk nan Tallahassee.

Sistèm Peman pou Lekòl sou Entènèt - Yon nouvo pwogram peman sou Entènèt nan kèk lekòl segondè e mwayen nou chwazi ofri paran fleksibilite pou peye pou frè ak aktivite elèv atravè peman kat kredi sou Entènèt dirèkteman bay lekòl la. Paran ka antre sou www.dadeschools.net nan itilize bouton 'Parent' la ak idantifikasyon yo etabli pou antre nan sistèm OSP a.

M-DCPS ap kontinye tradisyon li ki se ofri elèv pwogram edikasyonèl eksepsyonèl ak anrichisman enstriksyonèl. Pou plis enfòmasyon sou nouvo pwogram ak inisyativ yo, silvouplè vizite http://news.dadeschools.net/cmnc/new_hc/25544.

M-DCPS PREZANTE OPSYON MANJE KI BON POU SANTE



Depatman Manje ak Nitrisyon M-DCPS ap prezante meni ki bon pou sante, nourisan pou ane lekòl sa a. Nouvo meni yo gen ladan ti sandwich ak vejetab, zèl poul ki kuit nan fou, te ki pa gen kafeyin ak 'Aspire,' yon bwason pou espòtif ki pa gen anpil sik. Dejene gratis pou tout elèv nan tout lekòl chak jou. Lè kò w ansante lespri w travay byen, e sa kòmanse avèk yon dejene ki bon pou sante.

news.dadeschools.net

PREPARE W KOUNYE A: OUVÈTI LEKÒL, PWOTEKSYON KONT ZIKA



"Centers for Disease Control and Prevention (CDC)" (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi) ak "Florida Department of Health (FDOH)" (Depatman Sante Florid) rapòte plizyè ka Viris Zika nan yon zòn anviwon yon kilomèt kare nan Wynwood. Premye priorite nou se toujou sekirite ak byennèt pitit ou. Silvouplè nou vle w konnen nou ap pran tout prekosyon pou asire lekòl nou yo pwòp e nou elimine kondisyon ki kapab pèmèt Viris Zika a ak maladi ki soti nan moustik gaye plis. Anplwaye Distri a toujou nan kominikasyon tou avèk ofisyèl depatman sante ak CDC pou enfòmasyon ak machasui ki pi resan yo.

Ou ka pran mezi tou pou pwoteje pitit ou kont maladi ki soti nan moustik. Avan pitit ou soti, asire w yo gen chemiz oubyen kòsaj manch long ak pantalon long sou yo. Depatman sante ak CDC rekòmande pou n mete pwodui pou repouse moustik sou pati nan kò nou ki pa kouvri ansanm ak rad nou. Nou dwe mete pwodui pou repouse moustik yo lakay paske nou entèdi anplwaye lekòl yo mete pwodui sa yo sou elèv. Sonje pou w wè ak doktè w oubyen founisè swen sante ou avan ou itilize kèlkeswa pwodui pou repouse moustik.

M-DCPS ap travay nan ansanm avèk FDOH ak Konte a konsènan aktivite andeyò salklas ki gen ladan edikasyon fizik, rekreyasyon, ak aktivite apre lekòl. Si gen neseste pou limite aktivite deyò, nou ap fè ajisteman ki apwopriye.

M-DCPS ap fè patenarya avèk FDOE ak FDOH pou gaye enfòmasyon sou prevansyon kont Zika a nan salklas nou yo. Distri a pral pataje avèk tout elèv kanpay prevansyon moustik "Spill The Water!" (Jete Dlo A!) pou ankouraje elèv pou kouvri kò yo e elimine tout sous dlo dòm ki otou kay yo.

Gen anpil resous sou Entènèt ki la pou bay enfòmasyon ki itil e ki ajou, ansanm ak materyèl pou fè konsyantizasyon konsènan enkyetid Viris Zika lakoz nan kesyon sante. Ou ka gen aksè sou resous sa yo sou Entènèt nan vizite sit Entènèt Distri a nan zikaresources.dadeschools.net.

DAT POU NOU SONJE

30 out -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
5 septanm -	Fèt Travay (Labor Day)
1ye oktòb -	Ouvèti Peryòd Aplikasyon Magnet
3 oktòb -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
12 oktòb -	Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

7 septanm	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye
	6:00 diswa	Dezyèm Odyans sou Bidjè Piblik e Adopsyon Bidjè Final 2016-2017 sou Taks sou Pwopriyete ak Bidjè Anyèl, Apwobasyon Rapò Finansye Anyèl 2015-2016, ak Apwobasyon Rezolisyon Bidjè Final 2015-2016
5 oktòb	11:00 dimaten	Reyinyon Regilye

RAFRECHI M-DCPS: YON NOUVO VIZAJ POU APRANTISAJ NAN 21YÈM SYÈK LA

Logo M-DCPS la te resevwa dènye vrè vizaj li plis pase 15 ane desa. Li te senbolize liv aprantisaj la ki ouvri sou yon kantite opòtinite pou tout lavi e li konplete deviz distri a "giving the students the world" (lage mond la nan plamen elèv yo). Fason nou anseye, fason elèv nou yo aprann, zouti nou itilize yo tout chanje, e salklas ak lekòl nou yo evolye devan je nou. Li lè pou imaj nou reflete sa nou ye vrèman ak efè nou ap fè nan anviwònman aprantisaj 21yèm Syèk sa a.

Inisyativ Rafrechisman M-DCPS la se yon lòt desen pou logo nou an atravè yon konkou ki pral angaje elèv, pandan l ap pote plis konsyantizasyon nan Distri nou an. Mwa pwochen, nou pral mande ou opinyon ou sou pwosesis pou redese logo a atravè sondaj nan telefòn e atravè kontak sou medya sosyal. Rete branche pou plis detay.



Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
 Doktè Dorothy Bendross-Mindingall, Vis Chèmann
 Susie V. Castillo
 Doktè Lawrence S. Feldman
 Doktè Wilbert "Tee" Holloway
 Doktè Martin Karp
 Lubby Navarro
 Raquel A. Regalado
 Doktè Marta Pérez Wurtz

Alberto M. Carvalho
 Sipèentandan Lekòl yo

Sebastian M. Lorenzo
 Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a
 Daisy Gonzalez-Diego
 Ofisyè Anchèf Kominikasyon

